



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

3 Oktòb 2025

Chè Sè ak Frè nan Kris la:

Fen semèn pwochen, 11/12 Oktòb, pawas nan Dyosèz Palm Beach la pral fè yon dezyèm koleksyon pou Dimanch Misyon Mondyal la, ki ap selebre 19 Oktòb. Tèm Dimanch Misyon Mondyal 2025 la se "Misyonè Espwa Pami Pèp yo," ki enspire pa Jibile Espwa a. Se yon envitasyon pou pote limyè ak espwa Kris la nan mond lan, espesyalman nan kominote kote Legliz la jèn, ap grandi, epi souvan ap lite. Vin jwenn nou nan misyon inivèsèl sa a pou gaye Levanjil la epi pataje lanmou Kris la.

Koleksyon anyèl sa a sipòte plis pase 1,000 teritwa misyon kote Levanjil la ap pwoklame pou premye fwa, kote yo ap kenbe l avèk kouraj malgre pèsekisyón, oswa kote yo pote l nan kominote ki toujou ap dekouvri lanmou Kris la. Lè nou sipòte inisyativ sa a, nou mete tèt ansanm ak anpil lòt moun pou ede misyonè sa yo epi bay èd pou kèk nan reydon ki pi vilnerab nan mond lan.

Tankou Sen Pè nou an, Pap Leon XIV, te di reprezantan Sosyete Misyon Pontifikal yo nan mwa me a, "Mond nou an, ki blese pa lagè, vyolans ak enjistik, bezwen tande mesaj levanjil lanmou Bondye a epi fè eksperyans pouvwa rekonsilyasyon gras Kris la." Sipò finansye ou a ap ogmante kapasite Legliz la pou "fè disip nan tout nasyon" (Matye 28:19).

Avèk rekonesans pou jenewozite kontinyèl ou ak tout volonte lapriyè mwen, se mwen

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach